



Olga Hugelmeyer
Superintendent of Schools

Amy L. Gil
Director of Research, Evaluation,
and Assessment

Avril 2022

A Paran ak Gadyen yo:

Mwen vle pwofite okazyon sa pou raple w ke nou pral bay egzamen Evalyasyon Aprantisaj Elèv New Jersey (NJSLA) pou tout elèv ki nan klas 3yèm rive nan 9yèm ane ki ap kòmanse apre vakans prentan an. Kòm ou konnen, règleman federal yo egzije nou pou evalue elèv nou yo nan Lang Anglè/Alfabetizasyon, matematik, ak syans nan tout lekòl primè, etèmedyè ak segondè.

Yo ka bay NJSLA nenpòt lè ant 25 Avril 2022 a 3 Jen 2022. Tablo ki anba a detaye dat yo ki idantifye pou chak nivo klas ak chak domèn. Kòm ou pral remake, yo ap evalue syans sèlman nan klas 5yèm, 8yèm, ak 11yèm ane; epi NJSLA pou Lang Anglè epi nan Matematik yo ap bay egzamen an nan lekòl segondè nan klas 9yèm ane sèlman.

Nivo Klas	Anglè Dat yo	Matematik Dat yo	Syans Dat yo
Klas 3	18 Me – 20 Me 2022	25 Me – 27 Me 2022	P/A
Klas 4	18 Me – 20 Me 2022	25 Me – 27 Me 2022	P/A
Klas 5	18 Me – 20 Me 2022	25 Me – 27 Me 2022	26 Avril – 27 Avril 2022
Klas 6	4 Me – 6 Me 2022	10 Me – 12 Me 2022	P/A
Klas 7	4 Me – 6 Me 2022	10 Me – 12 Me 2022*	P/A
Klas 8	4 Me – 6 Me 2022	10 Me – 12 Me 2022*	26 Avril – 27 Avril 2022
Klas 9	16 Me – 18 Me 2022	23 Me – 24 Me 2022	P/A
Klas 11	P/A	P/A	26 Avril – 27 Avril 2022

Elèv lekòl Entèmedyè yo ki ap pran Aljèb I oswa Jeometri ap fè tès sèlman 10 Me - 11 Me 2022.

Sekirite Evalyasyon Leta ak Teknoloji

Elèv ki ap pran NJSLA la pral sèvi ak òdinatè pòtab lekòl la bay pou fè tout segman tès yo. Enpe nan tès matematik ak syans pèmèt ou itilize kalkilatris. Kalkilatris yo ap disponib pou elèv yo nan anndan evalyasyon an e nan kèk ka, yo ka bay elèv yo yon lòt kalkilatris. Pou Evalyasyon Lang Anglè nan tout klas yo, lekòl la pral founi elèv yo kas pou ka pran egzamen an.

Yo pa pèmèt lòt aparèy elektwonik nan okenn chanm kote y ap bay evalyasyon yo. Sa gen ladann telefòn selilè, kas san fil, ak mont entèlijans pou site kèk non. Elèv ki gen yon aparèy elektwonik ki pa otorize nan yon sal egzamen, lekòl la ka anile tout egzamen yo a.

Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite paj Resous Paran sou Sant Resous Evalyasyon New Jersey [New Jersey | Reporting \(mypearsonsupport.com\)](https://www.nj.gov/education/assessment/reporting) oubyen kontakte lekòl pitit ou a.

Meyè salitasyon,

Amy L. Gil
Director of Research, Evaluation, and Assessment

Division of Research, Evaluation, and Assessment